



Pou Piblikasyon Imedya: 12/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSE JE MONDYAL INIVÈSITÈ FISU 2023 YO NAN LAKE PLACID

*Dezyèm evènman espòtif ivènal mondyal la ap kontinye jiska 22 janvye; tikè yo disponib [isit la](#)*

*Aprè plis pase 550 milyon dola nan investisman Eta a pou renove enstalasyon espòtif yo, amelyore wout ak pon yo, amelyore enfrastrikti espòtif yo pou fè preparasyon pou jwèt yo*

*Jwèt yo pral genyen plizyè mezi pou ankouraje aksyon klimatik ki an amoni ak ajan dirabilite Gouvènè a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman ofisyèl Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid (Lake Placid 2023 FISU World University Games), ki te akeyi 1,443 atlèt kolèjyal ki soti nan plis pase 540 inivèsite ak 46 nasyon ki te rasanble pou selebre evènman milti espòtif ki rive chak dezan an. Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid pral prezante konpetisyon nan 12 espò ivènal ak 85 evènman nan plizyè lokal atravè North Country Adirondack la nan Lake Placid ansanm ak Wilmington, Lak Saranac, Potsdam, Canton ak North Creek. Orè konpetisyon an ak tikè pou evènman yo disponib [isit la](#).

"Ak North Country New York ke yo rekonèt kòm yon destinasyon espòtif ivènal mondyal, mwen pa ka panse a yon pi bon kote pase Lake Placid pou òganize Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Aprè plis pase 550 milyon dola nan renovasyon ak investisman ke eta sipòte nan North Country pou prepare pou jwèt yo, New York pare pou akeyi atlèt ak espektatè yo ki soti toupatou nan mond lan nan eta nou an. Mwen swete bon chans pou atlèt k ap fè konpetisyon yo, e mwen remèsye FISU, komite òganizatè a ak patnè yo nan tout nivo gouvènman an paske yo asire evènman sa a se yon siksè retantisan. Se pou jwèt la kòmanse."

Seremoni Ouvèti Jedi swa pou Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid yo te fèt nan Herb Brooks Arena anblematik 1980 yo, sit jwèt oki "Miracle on Ice" (Mirak sou Glas) ant Etazini ak Inyon Sovyetik nan Je Olenpik Ivènal 1980 yo. Seremoni an te gen ladann salitasyon Nasyon Endyen Oneida ak Tribi Saint Regis Mohawk la,

pèfòmans elegant sou glas, sèman atlèt ak ofisyèl yo, ak ekleraj yon chodwon san flanm inik.

Eta New York te fè gwo investisman nan North Country ki totalize plis pase 550 milyon dola pandan sis dènye ane yo pou fè preparasyon pou jwèt Mondyal Inivèsite yo ak aktivite touristik rejyonal kontinyèl. Investisman yo te ede renove enstalasyon Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) posede ak opere yo, tankou renovasyon ki koute [104 milyon dola](#) nan Sant Olenpik Lake Placid (Lake Placid Olympic Center), ak lòt enstalasyon òganizatè tankou [renovasyon ki koute prèske 7 milyon dola](#) nan Sant Sivik Lak Saranac (Saranac Lake Civic Center). Investisman sa yo se yon temwayaj angajman New York pran anvwè Jwèt yo, rejyon an, ak enfrastrikti espòtif konpetitif la.

**Prezidan Pa Enterim FISU, Leonz Eder, te deklare,** "Aprè kèk ane difisil pandemi mondyal la, nou finalman rankontre ankò isit la nan Lake Placid. Jèn nan mond lan te soufri anpil nan non byen komen ak popilasyon mondyal la. Pou wè anpil nan yo sanble isit la jodi a se yon moman ki patikilyèman emosyonèl, ki ta dwe fè jwèt mondyal inivèsite sa yo yon okazyon ki vrèman festif, espesyalman apre anilasyon Lucerne 2021 an. Lake Placid se yon vil ki espesyal ki te kreye alafwa lejand ak yon eritaj ki dire. Eritaj se yon kado ki pote pwa responsablite tou. Se poutèt sa mwen fyè paske Lake Placid pral òganize konferans ak inisyativ ki k ap egzamine relasyon ki genyen ant espò ivènal yo ak chanjman klimatik la."

**Prezidan Konsèy Espòtif Adirondack la, James B. McKenna, te deklare,** "Patenarya ant Eta New York, FISU ak Lake Placid te kreye yon eritaj alontèm ki ankouraje pa jwèt sa yo. Modènizasyon lokal Olenpik yo ak Sant Sivik Lak Saranac la, devlopman lojman kominotè abòdab dedye, amelyorasyon enfrastrikti piblik, aksyon klimatik, revitalizasyon anba lavil la, ak rekonesans mondyal ogmante se kèk sèlman pami eleman yo nan eritaj sa a. Plas Lake Placid sou sèn espò entènasyonal la an garanti."

FISU te chwazi Lake Placid kòm vil òganizatè an mas 2018 e li te enspire yon nouvo faz ki gen avantaj ekonomik nan rejyon Lake Placid la. Jwèt yo posib pa yon ekip Patnè Òganizatè: ORDA, Konsèy Espòtif Adirondack la, Vilaj Lake Placid ak Federasyon Espòtif Univèsite Entènasyonal Ameriken (U.S. International University Sports Federation, US-IUSF) an. Seleksyon an ajoute sou yon eritaj espòtif ki gen ladann de Je Olenpik Ivènal, Je Mondyal Inivèsite FISU 1972 yo, Je Bòn Volonte 2000 yo ak anpil evènman Koup Dimond ak Chanpyona Mondyal. Plizyè evènman pral kontinye pandan sezon ivènal la epi yo deja konfime, ki gen ladan Koup Dimond So Eski nan mwa fevriye, Chanpyona Eski NCAA ak Chanpyona Mondyal Atistik Senkwonize nan mwa mas. Evènman kap vini yo gen ladan Chanpyona Mondyal Bobsled Skeleton an fevriye 2025, ak Koup Biatlon IBU an fevriye/mas 2026.

**Michael Pratt, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ORDA, te deklare,** "Aprè nou òganize konpetisyon entènasyonal nan Lake Placid pou plis pase 100 ane, nou byen plase pou òganize jwèt Mondyal Inivèsite yo pou yon dezyèm fwa. Avèk

transfòmasyon lokal nou yo, rejyon olenpik Lake Placid la ki elaji a pozisyon pou l pwofite opòtinite renouvle a pou dè deseni k ap vini yo."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Sa a se yon moman enteresan pou Eta New York, ak rezilta anpil ane travay di. Envestisman Eta a te mete ajou ak amelyore enfrastrikti espò ivènal rejyon an, epi Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 yo nan Lake Placid se yon gwo opòtinite pou prezante vizitè ak telespektatè yo atravè mond lan ak kominote North Country nou an."

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "I LOVE NY ap pwolonje yon envitasyon pou fanatik espò ivènal yo atravè mond lan, epi nou kontan finalman pou nou akeyi yo nan Eta New York pou jwèt istorik sa yo. Jwèt FISU yo bay yon lòt opòtinite ankò pou montre Lake Placid, Adirondacks ak North Country kòm yon destinasyon ke yo dwe vizite pou nenpòt amatè espòtif ivènal yo, kit se kòm yon patisipan oswa yon fanatik, epi nou ankouraje tout moun vin fè pati li."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "North Country se yon destinasyon ivènal san parèy, ak bote natirèl inik ak enstalasyon espò ivè san parèy. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a gen onè pou l travay avèk FISU ak Gouvènè Hochul pou asire atlèt, òganizatè ak espektatè yo gen koneksyon san pwoblèm pandan tout dewoulman Je Mondyal Inivèsité 2023 yo. Operasyon trafik depatman nou an ak ekip antretyen wout yo pi bon nan biznis la, epi y ap travay 24/24 pou ede fè jwèt ane sa a vin yon eksperyans ki an sekirite, ki memorab."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la, Basil Seggos, te deklare,** "DEC kontan anpil pou l ede sipòte jwèt sa yo ak opòtinite enkwayab yo prezante pou montre bote natirèl ak kominote akeyan yo atravè Adirondacks yo. Jwèt yo ak konferans yo gen ladan tou yon konsantrasyon sou inisyativ klimatik dirab ak abòdab New York la ke Gouvènè a ak anpil patnè nou yo ap dirije, epi mwen espere angaje lidè yo nan enèji pwòp, nan domèn akademik, ak nan gouvènman an pou avanse efò k ap mennen nan nasyon nou yo pou konbat chanjman klimatik la."

**Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare,** "Je Mondyal Inivèsité FISU yo asire y ap pote konpetisyon elektrizan - ak plizyè milye atlèt ak fanatik - nan bèl rejyon Adirondack la nan Eta New York. Empire State pral yon etap enkwayab pou montre konpetans, kouraj ak kapasite fòmèl atlèt sa yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Mwen felisite FISU pou angajman ekstrawòdinè li pou dirabilite ak aksyon klimatik nan planifikasyon ak ekzekisyon Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 yo nan Lake Placid—yon angajman ki alinye ak ajanda klima New York la k ap mennen nan nasyon an. Lake Placid se vrèman yon bijou nan

kouwòn New York la, epi evènman sa yo reyafime ke pwoteje byennèt anviwònmantal ak ekonomik rejyon Adirondack la se yon bagay enpòtan pou avni eta nou an."

### **Inisyativ klimatik ak dirabilite**

Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 nan Lake Placid yo pral genyen mezi pou ankouraje aksyon klimatik ki alinye ak ajanda dirabilite Gouvènè Hochul la. ORDA, yon Patnè Òganizatè nan Je FISU yo, te aplike mezi dirabilite enpòtan nan lokal ki pral sit pifò konpetisyon yo, ki gen ladan enèji solè nan sit alpin yo, ekipman modèn pou fè nèj ki redwi dlo ak itilizasyon enèji yon fason konsiderab, estasyon rechaj EV, machin elektrik pou refè sifas glas ak ekipman twaletaj ibrid, ekleraj LED, ak plis ankò. Yon aspè enpòtan nan Je FISU yo se Konferans Mondyal la, kote yon pakèt oratè, ki gen ladan ajans ak otorite Eta New York yo, pral prezante enfòmasyon sou inisyativ ak aksyon yo te aplike pou sipòte diminisyon chanjman klimatik la ak sove livè a. Soti nan konsepsyon lokal ak enfrastrikti pou rive nan atik ki soti nan yon sous dirab rive nan flanbo LED la, Patnè Òganizatè yo ak Eta New York ap bay sipò nan objektif Je Mondyal Inivèsitè FISU yo pou etabli yon nouvo estanda pou pwochen evènman yo ak yon angajman pou anviwònman an.

Konferans Sove Ivè Je yo pral reyini syantis, otè, atlèt ak lidè biznis ki gen renome entènasyonalman pou diskite sou fason chanjman klimatik ka ap afekte espò ivènal yo atravè lemond.

### **Aktivite Touristik Ivènal Eta New York la**

Investisman ak amelyorasyon nan enstalasyon ORDA yo pral sipòte rekiperasyon kontinyèl endistri touristik Eta New York la. Dènye sezon ivè a, New York te resevwa 68.5 milyon vizitè, sa ki te jenere plis pase 16.1 milya dola nan depans dirèk vizitè yo. Yo te mezire dènye enpak ekonomik ORDA pou Eta New York nan 273.6 milyon dola pou 2019-2020, yon ogmantasyon 75 pousan sou mezi 2016-2017 anvan yo ki te 156 milyon dola.

**Ansyen Senatè Betty Little, te deklare,** "Pote Je Mondyal Inivèsitè FISU yo nan Lake Placid se yon rèv ki dire lontan. Gouvènè Hochul ak mwen te rankontre ak òganizatè FISU yo senk ane de sa epi mwen te montre yo tout sa rejyon sa a gen pou ofri, e mwen trè fyè de tout travay di ki te fè jwèt sa yo vin yon reyalite. Sa a se yon moman enteresan pou rejyon an, e mwen rekonesan dèske anpil moun pral fè eksperyans bote North Country a."

**Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare,** "Aprè plizyè ane nan preparasyon ak antisipasyon, Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid isit la. Nan non 45èm Distri Sena a, mwen fyè pou m akeyi atlèt ak espektatè yo atravè mond lan nan rejyon nou an. Mwen konnen jwèt sa yo pral fantastik epi kite yon enpresyon sou rezidan yo ak vizitè yo ki pral dire pou ane k ap vini yo."

**Manm Asanble Billy Jones te deklare,** "Se yon jou enteresan pou nou nan rejyon Adirondack jodi a pou Seremoni Ouvèti Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo. Eta New York te investi plizyè milyon dola pou mete ajou enstalasyon yo epi asire ke evènman

sa a pote siksè. Mond lan ap gade epi kounye a pral wè bèl peyizaj gwo eta New York gen pou l ofri ak enstalasyon espòtif ivènal nan rejyon an. Evènman sa a bon tou pou biznis lokal yo e mwen pa ka tann plis evènman tankou sa alavni."

**Manm Asanble Matthew Simpson te deklare,** "Jwèt sa yo make premye fwa nan plis pase 50 ane ke jwèt ivènal FISU yo pral òganize sou tè Etazini ak North Country pa ta ka plis fyè pou opòtinite pou fè sa. Kantite tan enkwayab, resous, ak efò kolaborasyon tout moun ki te reyini ansanm pou fè sa yon posibilite te pwodui yon platfòm pou etidyan sa yo ki sou senpleman remakab. Atlèt klas mondyal ki soti nan 40 peyi ak prèske 600 inivèsite atravè mond lan pral konvèje nan Adirondacks pou montre konpetans atletik yo, pataje souvni pou tout lavi yo, epi montre bòn volonte entènasyonal yo nan lokal ki apwopriye pou yon okazyon konsa. Sa se vrèman yon moman entèresans ak istorik pou Eta New York."

**Majistra Lak Placid la Art Devlin te deklare,** "Nan non Lake Placid, rezidan li yo, ak kominote North Country a nan yon sans ki poi laj, mwen kontan akeyi atlèt ak fanatik yo atravè mond lan nan Jwèt FISU 2023 yo. Gen anpil tan ak efò yo te mete nan preparasyon, e nou fyè pou sèvi kòm yon Patnè Òganizatè ofisyèl nan evènman entènasyonal sa a. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Kathy Hochul, ki te fè pati efò pou pote jwèt yo isit la, epi mwen pa ka tann konpetisyon mondyal yo nan jou k ap vini yo."

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418